

RINGKESAN

NGARONJATNA KAMAMPUH NALAR MATEMATIK JEUNG *SELF-EFFICACY* SISWA SMA NGALIWATAN MODÉL *PROBLEM-BASED LEARNING* KALAWAN PAMAREKAN *BRIDGING ANALOGY*

Ku:

Hanifah Nabiur Rahmah

185050035

Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho ngaronjatna kamampuh nalar matematik siswa anu narima modél Problem Based Learning kalawan pamarekan pangajaran Bridging Analogy leuwih luhur tinimbang siswa anu narima modél Problem-based learning, self-efficacy siswa anu narima modél Problem-based learning kalawan pamarekan Bridging Analogy leuwih hade tinimbang siswa anu narima modél Problem-based learning, jeung korélasi antara kamampuh nalar matematik jeung self-efficacy siswa anu narima modél pangajaran Problem-based learning kalawan pamarekan pangajaran Bridging Analogy. Méthode panalungtikan anu digunakeun nya éta méthode panalungtikan eksperimen semu quasi experiment (kuasi ékspérimén) kalawan desain panalungtikan non-equivalent control group. Subjek dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas X SMA Negeri 12 Bandung saloba dua kelas kalawan sampel 72 siswa, nya éta 36 siswa kelas X-9 minangka kelas ékspérimén jeung 36 siswa kelas X-10 minangka kelas kontrol. Instrumén pabalungtikan anu digunakeun nya éta tés kamampuh nalar matematis jeung angkét self-efficacy. Dumasar kana hasil panalungtikan dipibanda hasil, 1) ngaronjatna kamampuh nalar matematik siswa anu narima modél Problem-based learning kalawan pamarekan pangajaran Bridging Analogy leuwih luhur tinimbang siswa anu narima modél Problem-based learning, 2) self-efficacy siswa anu narima modél Problem-based learning kalawan pamarekan pangajaran Bridging Analogy leuwih hade tinimbang siswa anu narima model Problem-based learning, 3) aya korélasi anu positif antara kamampuh nalar matematik jeung self-efficacy siswa ngaliwatan modél Problem-based learning kalawan pamarekan pangajaran Bridging Analogy.

Kata Kunci: *kemampuh nalaran matematik, self-efficacy, model modél problem-based learning kalawan pamarekan bridging analogy.*